

Vizit lakay



Ki sa k pral pase pandan vizit mwen an?

Pandan vizit ki pral fèt lakay ou, espesyalis pou entèvansyon bonè w la pral:

- Chèche konnen ki bagay fanmi w fè chak jou, tankou pran repa, benyen oswa al nan makèt. Èske bagay sa yo fasil? Èske yo difisil? Ki jan pitit ou fè bagay sa yo avè w?
- Mete sou pye kèk estrateji pou w rive jwenn rezulta nan plan sèvis fanmi endividyalize (Individualized Family Service Plan, IFSP) a.
- Ede w idantifye kèk fason ou ka pratike konpetans ou bezwen yo nan aktivite ou fè chak jou yo.
- Asire ou menm ak pitit ou rive aprann nouvo konpetans toutbon pandan w toujou pran plezi nan aktivite ou fè ak fanmi an.

Se pa ti enpòtan wòl w ap jwe nan vizit El a enpòtan. Se ou k ap jwe wòl ki pi enpòtan an pou fanmi w ka rive jwenn rezulta nan plan IFSP.

Poukisa nou fè vizit sa yo konsa?

Pwogram entèvansyon bonè Massachusetts la sèvi ak etid ki te fèt pou gide vizit nou fè kay moun yo. Nou konsantre nou sou twa (3) prensip lè n ap travay ak fanmi yo:

1. Se atravè anpil pratik pandan aktivite ki fèt chak jou yo tibebe ak timoun pitit yo rive aprann pi byen.
2. Se ou ki gen plis enpak sou pwogrè pitit ou ap fè yo. Ou avèk pitit ou chak jou. Pwogram entèvansyon bonè a ap rete ak fanmi w pou yon ti tan ki kout sèlman.
3. Espesyalis El a ap soutni relasyon ou genyen ak pitit ou.

Nou sèvi ak prensip ki nan gid ki rele Paran nan Entèyakson ak Tibebe (Parents Interacting with Infants, PIWI*) pou gide vizit nou fè kay moun yo. PIWI a ede paran yo ak moun k ap pran swen timoun yo, e li ede tibebe ak timoun pitit yo pran plezi nan sa y ap fè ansanm ak nan sa y ap fè poukont yo. Pwogram El Massachusetts la vle pou timoun ak fanmi yo ret aktif e pou yo reyisi nan tout sa y ap fè nan lavi yo.



[www.mass.gov/dph/
earlyintervention](http://www.mass.gov/dph/earlyintervention)

*T. Yates, J. McCollum. Parents Interacting with Infants (PIWI). Center of the Social Emotional Foundations for Early Learning, 2015.